



The Children's Trust

Tout timoun se pitit nou tout

Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

The Children's Trust
DIAL 211 HELPLINE

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

Fenèt se bagay ki kab vrèman danjere	2
Pwoteje pitit ou kont solèy	2
Mete timoun endikape ansanm ak timoun ki pa endikape	3
Kwen pou atis	4

ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen li li ve won bagay renmen li kay dokte reglyèman epi chwazi yon bon kote pou ou ou de gade li. Se kon sa timoun, nòti, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lòt moun, se kon sa yo aprann reyisi.

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon
www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org pou ou.

Kèk enfòmasyon detaye sou prekosyon nan manje bèt lanmè

Sabrina Candelaria, MPH, RD, LDIN, pedyat nitrisyonis t, Mailman Center for Child Development, Miller School of Medicine.

A vèk nouvel ki parèt ki fè n konnen gen gwo kantite mèki nan pwason, ou kab yon jan bouye, nan deside si pou ou bay pitit ou manje pwason ou non. Nan pwason ak sèten lòt bèt lanmè, nou jwenn bagay nourisan ki enpòtan pou yon abitud manje ki bay lasante, ki byen ekilibre. Yo gen anpil pwoteyin, natirèlman, yo pa gen anpil bagay gra epi yo chaje ak asid omega-3 ki ede kè timazoun ret an sante, ansanm ak sèvo yo ak devlopman kapasite yo pou yo wè byen. Fi yo, espesyalman fi ki ansent oswa k ap bay tibebe tete, ansanm ak timoun piti, dwe pran abitud manje pwason ak lòt bèt lanmè.

Prèske tout pwason ak lòt bèt lanmè gen mèki, yon metal moun jwenn nan anviwònman an epi ki pwodui swa apati sous natirèl swa apati polisyon endistriyel. Yon gwo kantite mèki kapab andomaje devlopman sistèm pou nè yon tibebe ki nan vant ak yon timoun piti. Mèki fè pil nan tout kantite dlo (kit ti dlo, kit gwo dlo) ki epi li vin pran fòm yon pwazon ki rele mèki metilik. Pwason vale mèki metilik, etan y ap vwayaje nan dlo kote se la tou yo manje. Nivo mèki yon pwason gen anndan l diferan, dapre gwosè pwason an, dapre kantite tan yo fè ap travèse dlo yo ak sa yo manje. Plis yon pwason gwo e plis tan li genyen depi l egziste, se plis kantite mèki li deja vale.

Biwo ameriken ki rele Administrasyon pou manje ak dwòg (Food and Drug Administration) ak biwo Pwoteksyon anviwònman (U.S. Environmental Protection) ede nou konnen ki kalte pwason pou n evite, ki pwason ki reprezante mwens danje ak ki kantite nou dwe manje. Men dènye rekòmandasyon yo fèk fè:

- **Evite tout pwason yo konsidere ki gen anpil mèki.** Se reken, espadon, makwo ak pwason ki gen kò l ki fè ti kare ti kare. Dènye bagay ankò se gwo kantite mèki yo te dekouvri sèten pwason touna genyen, tankou fen ble



yo konn sèvi pou fè estek touna ak souchi. Ni fi ni timoun dwe evite touna fre ki vini sou fòm estek ak souchi.

- **Manje pwason ak lòt bèt lanmè ki pa gen gwo kantite mèki.** Krevèt, tuna lejè an bwat, somon, mori ak pwason chat. Yo fè pati senk varyete moun plis manje. Tilapya, flèt ak lòt ti varyete piti tou fè pati bèt lanmè yo konsidere ki pa gen anpil mèki epi moun ka manje san danje. Sa ki bon pou timoun, se apeprè 4 a 6 ons pa semèn.
- **Mete limit nan kantite jèmon ("blan") ki vini sou fòm touna nan bwat w ap manje.** Kalte touna sa a gen plis mèki pase touna lejè nan bwat la. Kantite ki san danje pou timoun pa dwe depase 2 a 3 ons pa semenn.
- **Chèche konsèy sou kalte pwason moun konn trape nan zòn nan.** Chèche nan zòn ou si pa gen kèk pwason fanmiy, zanmi oswa magazen nan vwazinay la peche nan dlo nan zòn nan – lak, flèv ak lanmè. Si ou pa jwenn okenn enfòmasyon sou sa, lè se pwason sa a w ap bay pitit ou, limite kantite a pou 2 a 3 ons pa semenn, epi pa ba l okenn lòt pwason nan menm semenn nan.
- **Filèt pwason ak sandwich nan "fasfoud":** Pwason nou jwenn nan pwodui sa yo, lepli souvan se pwason ki pa gen anpil mèki.

Pwason ak lòt bèt lanmè se manje ki gen anpil nourisan ki pou ede pitit ou devlope kòm sadwa, epi ki pèmèt li byen nourri. Lè ou deside laji abitud manje pitit ou, etan ou vle kòmanse ba li manje bagay ki sot nan lanmè, fè sa yon fason pou sante l toujou djanm. Si ou gen kesyon sou nivo mèki ak bèt lanmè, kontakte biwo U.S. Food and Drug Administration (www.cfsan.fda.gov) ak U.S. Environmental Protection Agency (www.epa.gov/ost/fish).

MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlekyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resewva ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



Fenèt se bagay ki kab vrèman danjere

Suzie Kolb, MPA, Andrew Dec, M.S., Gayane Stepanian, M.A., Susan Uhlhorn, Ph.D. ak Judy Schaechter, M.D.



Timoun ki kab rive nan rido fenèt, gwo malè kab rive yo, paske kòd rido ak pèsyèn kab kwoke nan kou yo epi trangle yo. Komisyon sou sekirite pwodui moun ap itilize (*Consumer Products Safety Commission*) resevwa apeprè 16 rapò sou ka timoun ki trangle, chak ane, akòz kòd nan rido ak kòd nan pasyèn yo.¹ Prèske tout ka sa yo konsènen kòd moun abitye rale pou ouvri oswa fèmen fenèt yo, ki pa gen okenn sistèm sekirite ladan yo, alòske gen 10 pou san nan ka yo ki konsènen kòd ki pase nan pasyèn yo. Pandan gen anpil amelyorasyon ki fèt dènye tan sa yo nan fason yo fabrike pasyèn yo ak kòd yo, gen anpil kay ki toujou gen lòt kalte kòd sa yo, yon timoun kapab pran etan l ap jwe epi li pase tèt li ladan yo. Li pi difisil pou demare timoun nan nan kòd yo. Ede pitit ou evite danje sa a, pandan w ap suiv konsèy sa yo:

- Pa janm mare kòd yo ansanm pou fòme yon bouk.
- Fè yon jan pou timoun yo pa kab rive manyen kòd pou rido ak pasyèn nan fenèt yo, mete bèso timoun nan ak plas pou l jwe lwen bagay sa yo. Kontwòle si pa gen okenn mwayen pou timoun nan rive nan kòd sa yo, si li ta monte sou yon mèb.
- Si ou gen rido ak pasyèn ki gen kòd ki fòme yon bouk, oswa si ou gen rido sa yo ki te fèt anvan 2001, yon kout pye nan magazen ki vann bagay sa yo, ap pèmèt ou jwenn sa ou bezwen pou ranje kòd sa yo. Oubyen tou rele biwo "*Window Covering Safety Council*" nan nimewo 800-506-4636 pou kab resevwa yon je gratis pou repare chak je rido ak pasyèn ou genyen. Je pou reparasyon sa a, fasil pou ou sèvi e sa pa pran tan pou fè travay sa a. Ou p ap menm bezwen demonte rido fenèt la pou repare l.

Men kèk lòt bagay anplis pou ou konsidere, si ou gen timoun piti:²

- Pa mete anyen anba yon fenèt, ki ta ka pèmèt timoun nan grenpe pou l rive nan fenèt sa a.
- Pou evite timoun pa tonbe nan yon fenèt, toujou kite yo fèmen. Klete yo, chak fwa sa posib.
- Si ou gen fenèt ki gen de pati, ouvri pati ki anlè a sèlman.
- Plante ti plant ki soup pa anba fenèt yo sou deyò, pou diminye domaj ki ta genyen, si yon timoun ta tonbe nan yon fenèt.
- Fè yon jan pou pòt ki bay sou galri yo genyen vit ki rezistan ki p ap kraze fasil, epi mete otokolan pou timoun yo kab konnen pòt la fèmen.
- Fenèt se yon mwayen pou moun chape kò yo sizanka gen dife. Fè yon jan pou penti pa bouche jwenti yo sere, yon fason pou yo kab louvri fasil, si gen ijans.
- Enstale bawo fenèt ki gen manch moun ka lache, sizanka gen dife.²

Pou plis enfòmasyon sou sekirite nan fenèt, rele kowalisasyon pou kenbe timoun sennesòf (*Injury-Free Coalition for Kids*) nan Miyami, nan nimewo 305-243-3928 oswa vizite sit entènèt konsèy pou kouvri fenèt (*Window Covering Safety Council*): <http://windowcoverings.org>.

¹U.S. Consumer Products Safety Commission: Children can strangle in window covering cords, <http://www.cpsc.gov/cpsc/pub/pubs/cords.html>

²The National Safety Council, Window Safety Tips: <http://www.nsc.org/library/facts/windows.htm>

Pwoteje pitit ou kont solèy

Kelly S. Liker, M.D., Shivani S. Tripathi, M.D., Kendra Y. Velez, M.D., rezidan an pedyatri nan Lopital Jaksonn.



Pou moun ki rete nan Eta kote solèy la briye a, sa alamòd pou mennen aktivite nan lakou pandan tout ane a. Anpil fwa pa gen pwoblèm nan sa, men gen posiblite danje, sitou pou timoun.

Dapre Sosyete Ameriken kont kansè, sou sèt Ameriken gen youn ki gen kansè po nan vi yo. Kantite moun ki gen kansè po ap ogmante pi rapid pase tout lòt kansè, esepite kansè fi gen nan poumon. Kwak yo konnen gen anpil bagay ki ka lakòz kansè, ou kapab evite youn nan pi gwo bagay ki lakòz kansè: bwonze po w nan solèy. Yo kalkile 80% ka moun ki boule po yo nan solèy se moun ki poko gen 18 an. Ou kapab kòmanse pwoteje pitit ou kont kansè lè w fè efò pou w pa melanje pawòl lejann ak laverite.

Lejann #1: Se moun po klè sèlman ki dwe pran prekosyon pou po yo pa boule nan solèy

Verite #1: Lè koulè po w fonse, sa ba wou menm valè pwoteksyon kont solèy (SPF) ki egal a 8. Valè SPF yo rekòmande pou timoun se SPF 15 oswa youn ki pi wo toujou, alò ou pa gen ase pwoteksyon kont domaj solèy la ka fè sou po w. Met sou sa, gen rechèch ki montre moun ki gen koulè po fonse pase plis tan nan solèy epi yo plis pa vle pase krèm solèy sou kò yo; sa vle di solèy bat yo plis.

Lejann #2: Lè m nan dlo oubyen lè m deyò epi gen anpil nyaj nan syèl la, sa pwoteje m kont solèy la.

Verite #2: Menm lè gen anpil nyaj nan syèl la, gen 80% nan reyon solèy la ki toujou rive sou po w. Radyasyon iltravyolèt kapab travèse dlo tou, alò ou pa gen pwoteksyon ni lè w nan dlo, ni lè w yon kote ki fè fre. Beton, sab ak dlo reflekte 85% solèy la kon sa, kidonk sa fè reyon solèy la vin pi fò.

Lejann #3: Lè po m bwonze epi l klere, sa bon pou sante m epi sa pwoteje m toutbon kont ravaj solèy la.

Verite #3: An reyalyte, lè po w bwonze sa vle di po w deja domaje. Kit ou bwonze oubyen ou boule, po w toujou jwenn menm kantite reyon solèy la. Lè moun boule nan solèy nan jenès li, sa ka lakòz po li vin vye anvan lè – sa fè l gen pli sou po l, sa fè l gen po ki pandye, sa ba l tach solèy. Reyon solèy kapab ajji sou je w tou, sa ka lakòz anpil maladi je tankou katarak ki fè ou vin avèg si w pa suiv tretman. Epi tou, gen plis danje pou timoun ki poko gen 10 an trape maladi je, paske je yo poko devlope "baraj pwoteksyon" kont limyè solèy la.

Lejann #4: Kansè po se pa bagay moun ka evite.

Kwak nou konnen lè moun gen po klè, lè yon moun gen fanmi ki gen kansè nan po, ak lè w gen siy sou po w, sa mete w an danje pou w gen kansè nan po. Nou konnen tou yon sèl kout boule nan solèy nan piti fè yon moun gen doub chans pou l gen kansè nan po, e sa se yon bagay moun kab evite. Lè po yon moun boule plizyè fwa nan solèy nan piti, oubyen lè l rete nan solèy tanzantan pandan tout vi li, sa mete l an gran danje pou li gen kansè po.

Solèy la kapab amizan epi li kapab san danje tou. Men kèk fason ou kapab pwoteje pitit ou:

- Pa soti nan solèy nan lè ki pi cho yo, ant 10 è nan maten ak 4 è nan apre midi.
- An plis yon krèm pou solèy ki gen yon SPF 15 oswa pi wo, asire w li gen pwoteksyon UVA ak UVB, li make "broad spectrum" tou.
- Ou dwe pase krèm pou solèy sou po li 30 minit anvan l al nan solèy epi ou dwe pase krèm nan sou li ankò chak 2 èdtan, sitou lè l ap pase anpil tan deyò, oswa lè l nan pisin ak lè l ap swe anpil.
- Pa bliye pati sa yo ki fasil pou w manke: dèyè zòrèy, po bouch, kou ak po tèt. Sèvi ak linèt solèy ki make "99% UV blockage" (blokaj reyon iltravyolèt a 99%) pou pwoteje je w menm nan jou gen nyaj nan syèl la.
- Timoun ki poko gen 6 mwa pa dwe rete nan solèy ditou -- mete yo nan lonbraj. Yo fasil pou yo pran kout chalè epi po yo poko devlope sistèm pwoteksyon kont ravaj solèy la ka fè sou yo.
- Timoun dwe gen rad ki pwoteje yo (twal koton ki trese sere pi bon) ak youn chapo gran rebò lè yo nan solèy.
- Al wè doktè ou pou nenpòt tach oswa boule nan solèy. Men kèk siy danje nan siy oswa nan tach: chanjman nan aparans yo, rebò yo gen fòm ki pa nòmal, chanjman nan koulè, epi yon fòm ki pa won.

Kote enfòmasyon yo soti: www.aap.org (*The American Academy of Pediatrics*), www.sunsafetyalliance.org (*Sun Safety Alliance*), www.aad.org (*The American Academy of Dermatology*), www.skincancer.org (*The Skin Cancer Foundation*).

Mete timoun endikape ansanm ak timoun ki pa endikape

Michael R. Malone ansanm ak The Children's Trust.

Vickie Burley, ki mete tèt li o sèvis timoun ki gen endikap, bay moman sa yo kote pitit li yo "disparèt" anpil valè. L ap pale de moman sa yo kote gen kondisyon ki kreye pou timoun ki fonksyone san okenn pwoblèm jwe ansanm ak timoun ki gen endikap, yo aprann ansanm epi yo fè lòt aktivite ansanm, youn bò kote lòt, san moun pa rive diferansye yo.

"Ou pa menm remake tèt timoun se yon retade mantal oswa tèt lòt se yon otis", dapre sa Burley di. "Se pi bon sansasyon moun ka genyen sou latè a." Dispozisyon sa yo ki antre timoun endikape nan aktivite regilye, pote yon bon sitiwayon aprann, nan pi fò ka sikonstans, pou yon timoun endikape k ap devlope etan l ap aprann anpil bagay nan men kanmarad li, epi sa ede lòt timoun ki pa gen endikap ansanm ak paran yo pran konsyans.

Burley se direktis pwogram timoun ak jenn moun, pou asosiyasyon ki rele Asosiyasyon pou sitiwayon retade nan Sid Florid (*Association for Retarded Citizens South Florida*), sikisal ARC pou zòn nan. ARC se youn nan pi gwo òganizasyon ki travay kòm volontè nan peyi Etazini. Ak konkou *The Children's Trust*, *ARC South Florida* rive bay sèvis pou plis pase 60,000 moun ki gen endikap nan devlopman yo, nan Miyamidèd.

Mwa d mas se mwa pou moun pran konsyans sou koze retade mantal. Yo dekri pwoblèm retade mantal la kòm yon fòm devlopman kote yon timoun dousman anpil nan aprann mache ak aprann pale pandan li piti, epi lè li vin granmoun kapasite entelijans li pi ba pase sa ki nòmal pou tout moun. Gen anpil bagay ki kapab lakòz pwoblèm sa a. E, sou kat ka maladi retade mantal, se pou yon ka sèlman yo rive jwen yon rezon byen presi.

Menm jan ak anpil endikap, nou jwenn ka retade mantal nan nenpòt ki fanmi, e li kab yon pwoblèm lejè oswa yon gwo pwoblèm grav. Li atenn 1 a 3 pou san moun nan popilasyon an; 87 pou san nan moun ki gen pwoblèm sa a, yo konsidere ka yo pa grav. Pa twò twò lontan, yo te konn izole timoun ki te an reta kon sa nan devlopman yo, epi yo te konn anseye yo apa, san yo pa mele ak lòt timoun parèy yo ki fonksyone nòmal.

Jodi a, gen de lwa federal ki kontwole fason yo anseye timoun endikape. Okenn nan de lwa sa yo pa mande pou yo anseye timoun endikape ansanm ak timoun ki pa endikape, men toulede esiste sou bon jan efò ki dwe fèt pou jwenn yon mwayen pou anseye timoun menm kote ak lòt timoun ki pa gen pwoblèm. Kon sa pitit ou ka aprale nan menm lekòl ak yon timoun ki retade mantal oswa ak yon timoun ki gen lòt reta devlopman.

Burley di: "Lè nou mete timoun endikape menm kote ak timoun ki pa endikape, sa ede timoun endikape a devlope tout kapasite l. Epi timoun ki pa gen endikap yo di 'M pa twouve sa twò mal. Fòk mwen ede plis'. Se poutèt sa menm, mete timoun endikape menm kote ak timoun ki pa endikape gen enpòtans".

Burley kontinye pou l di "W ap wè timoun ki pa endikape k ap ede timoun ki endikape, yo chita tou pre yo, woule boul ba yo, ede yo janbe nan lòt aktivite. Pi bon bagay ou kab fè pou yon timoun ki gen reta nan devlopman li, se mete yon timoun laj li bò kote l, li kab konsidere kòm modèl".

Trini Lora se yon espesyalis nan kesyon anseye timoun andikape ansanm ak timoun ki pa endikape. L ap travay nan *All Children Together (ACT)*, ki fè asosiyasyon ak *CCDH South Florida*. ACT bay pwofesè ki nan pwogram kon sa, fòmasyon ak èd, kote yo montre pwofesè yo ki avantaj ak pratik ki genyen nan kesyon anseye timoun andikape ansanm ak timoun ki pa endikape.



Teknik anseye de gwoup timoun sa yo ansanm nan pa mache nan tout ka sikonstans, sitou nan ka timoun ki gen gwo endikap grav, men si gen kèk ti aranjman ki fèt, sa kab mache tou. Dapre Lora, bagay ki ka sèvi kòm baryè nan kesyon anseye timoun andikape ansanm ak timoun ki pa endikape, se mank resous, mank konesans, anplwaye ki pa gen fòmasyon sou retade mantal, pwoblèm medikal k ap ogmante, timoun ki pa sèvi ak lapawòl pou yo kominike (bagay ki ka kontrarye moun) oswa yon pwofesè ki pa enterese nan pwoblèm nan.

Gras ak finansman ki soti nan men *The Children's Trust*, òganizasyon *Kinetic Kids*, ofri sèvis terapi pou timoun ant laj 3 a 15 an ki gen pwoblèm otis ak plizyè gwo pwoblèm reta nan devlopman yo. Terapis òganizasyon an ofri sèvis yo lakay timoun yo, anndan lekòl prive epi ak chak timoun apa nan lekòl leta.

Premye bagay terapè la fè, li chèche konnen ki bezwen timoun endikape a genyen, apre sa li travay ansanm ak pwofesè a pou kòdone yon teknik aprann. Direktis Jennifer Gober rakonte istwa yon tigason ki retade mantal, manman l ak papa l te vle pou l rete nan yon klas preskolè ki fèt espesyal pou timoun andikape. Direktis la esplike kouman tigason an rive devlope kote yo pa fè anpil aranjman pou li.

Tigason an pa t janm kab ret an plas, kon sa yo te ba l "kèk enstriman pou bouje" – boul an kawotchou pou l pije, ak bobin – pou men l te kab gen bagay pou yo fè, kon sa li ta kab mete lide l plis sou yon aktivite l ap fè. Pwofesè li te pè pou mis li yo ki pa t devlope ase pa aji sou devlopman li dwe genyen anvan li aprann ekri. Kon sa, yo ba l yon chèz ak yon kousen espesyal pou ede l pa bouje twòp epi yo fè yon ti demonstrasyon teknik adaptasyon pou li kapab kenbe yon kreyon pi byen. Epitou, yo te mete yon pwogram espesyal sou pye pou aprann li ekri.

Gober deklare: "Lè timoun ki gen bezwen espesyal yo fenk kòmanse, yo chita nan yon kwen. Yo pa gen ase ladrès pou yo antre nan aktivite lòt timoun yo. Se travay nou pou nou fè yo aprann ladrès sa yo epi pou nou fòme pwofesè pou yo kenbe timoun sa yo nan klas yo, depi yo kontinye devlope epi y ap fè pwogrè".

Men kèk resous ki kore lide mete timoun endikape ansanm ak timoun ki pa endikape pou yo aprann:

Inclusion News

<http://inclusion-news.org/index.html>

http://www.righthealth.com/Health/mental_retardation-s

Special Education Inclusion

<http://www.weac.org/resource/june96/speced.htm>

National Dissemination Center for Children with Disabilities

<http://www.nichcy.org/pubs/factshe/fs8txt.htm>

Parent to Parent Miami

<http://www.ptopmiami.org/>

Bertha Abess Children's Center

<http://www.baccinc.org/>

Association for Retarded Citizens, South Florida

<http://www.arcsofla.org/>

Kinetic Kids, Inc.

<http://www.kinetickidstherapy.com/>

All Children Together

<http://www.allchildrentogether.org>

Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:
www.thechildrenstrust.org

Moun ki te vizite Mize pou timoun nan Miyami te kontan anpil ak dènye espozisyon "Oh Seuss! Off to Great Places" la. Nou te jwenn anpil gwo lide liv ak desen Doktè Sous yo te enspire nou. Youn nan pi bon esperimantasyon syantifik Sous nou fè, soti nan lekti "The Butter Battle". Nou ankouraje w li kont klasik Doktè Sous la epi fè yon esperyans amizan, ki bay kè kontan, nan prepare manje san difikilte.


Kòmmanse preparasyon yo:

- Tou dabò, prepare engredyan ak materyèl n ap bezwen pou n fè bè (resèt pi ba nan paj la ap di n sa n dwe genyen).
- Apre sa, makònen ansanm epi ouvri liv Doktè Sous la ki rele "The Butter Battle" (Lagè Bè ap fè a). Ou ka vle kanpe lekti a, depi w fin wè lide prensipal liv la – sa vle di gen de gwoup moun diferan ki bere pen yo de fason diferan. Sa kapab yon istwa ki twò long pou timoun piti.
- Epi, pou fini, kòmmanse sekwe kò n, ri, brase bouch ou byen fò pandan nou nan aktivite fè bè a. Ki jan ou abitye manje ti goute ou ki fèt ak bè? Fas anlè oswa fas anba?

Ki jan yo fè bè:

1. Chèche yon bokal oswa yon veso jelatin yo konsève. Bat pou w gen yon bon kouvèti ki kab fèmen byen sere.
2. Vide krèm fwete byen pwès nan bokal la, ranpli l a mwatye.
3. Bouche l byen sere.
4. Sekwe bokal ki gen krèm nan byen fò. Chak moun fè yon kout sekwe. Ou gen dwa deside konte konbyen fwa nou sekwe li anvan li tounen bè. Nou mèt pare nou; n ap bezwen sekwe l anpil.
5. Fè yon ti kanpe tanzantan pou n debouche bokal la, pou n ka gade anndan l. Ki sa k ap rive likid la? Li ta dwe vin pi pwès epi li sanble ak yon mous jis vin gen yon boul bè ki fòm anndan l.
6. Retire bè a pa kiyè epi bere pen griye oswa ti bonbon sèl avè l.

Ajans lokal ki patwone pwogram ki rele "Oh Seuss! Off to Great Places" la se *Children's Trust*. Mèsi anpil, *Children's Trust*, dèske w pote peyi bèl mèvyè sa a k ap pase toupatou pou fanmi ki nan Sid Florid yo.



Nou invite w!

Vini gratis chak twazyèm vandredi nan mize pou timoun nan Miyami
(Miami Children's Museum)

Selebre Mwa aktivite lekti ak ekriti
21 mas, 3 è – 9 è p.m.

Vin konte nou chak twazyèm vandredi nan mwa a, epi pran plezi w nan yon seri aktivite ansanm ak 14 espozisyon. Pami yo w ap jwenn nouvo espozisyon nou an, ki rele *Oh Seuss! Off to Great Places*. Pou pi plis enfòmasyon, ale sou sit www.miamichildrensmuseum.org.



Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak **United Way Center for Excellence in Early Education** (305-631-7600) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèviz pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220) and The Children's Trust (305-571-5700).

Edite ti journal sa a se: Ana de Aguiar Echevarria (305-646-7230)

ba yo plis konesans



renmen yo plis

3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665